ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№175 (23.083) • 2015 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 10, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Лъэпкъ егъэджэныгъэм топсэлъыхь

● ЗэІущІэхэр

**Республикэм и къалащхьэ Налшык иджыблагъэ щекІуэкІащ къэралым хыхьэ щІыналъэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр къызрихьэлІа семинар.**

«УФ-м хиубыдэ щІыналъэхэм я лъэпкъ щэнхабзэхэмрэ щІыпІэ щхьэхуэныгъэхэмрэ къызыхэщ тхылъхэмрэ пособиехэмрэ егъэджэныгъэм къыщыгъэсэбэпыным теухуауэ» фІэщыгъэм щІэту екІуэкІа зэхуэсым хэтащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм Егъэджэныгъэ технологиехэм зегъэужьынымкІэ и департаментым и къудамэм и унафэщІ **Ланкинэ Иринэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Кирин Александр**, а министерствэм лъэпкъ егъэджэныгъэмкІэ и къудамэм и консультант **Ахаевэ Ларисэ**, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ **Ацкъан Руслан**, «Тхылъ» къэрал ІуэхущІапІэм и пашэ **Шаваевэ Аминат**, Тахо-Годи и цІэр зезыхьэ, ПедагогикэмкІэ Дагъыстан щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ **Магомедов Гамидуллах**, Къэрэшей-Шэрджэсым ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ и институтым и проректор **Бежан Мухьэмэд**, Ингуш Республикэм и «Сердало» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ **Мургустов Магомед**, «Легион» тхылъ тедзапІэм (Дон Іуфэ Іус Ростов) и унафэщІ **Лысенкэ Фёдор**, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и «ИР» тхылъ тедзапІэм и пашэ **Козыревэ Жаннэ**, нэгъуэщІхэри.

Семинарыр иригъэкІуэкІащ Кирин Александр. ЗэІущІэм зыщытепсэлъыхьыну Іуэхугъуэм лъэпкъ егъэджэныгъэм щиІэ мыхьэнэм кІэщІу къытеувыІа нэужь, ар къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщеджащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым семинарым и лэжьыгъэм хэтхэм зэрызахуигъэза тхыгъэм. АдэкІэ псалъэ иратащ Ланкинэ Иринэ. Ар шэщІауэ тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и курыт школхэм федеральнэ спискэм хэмыт тхылъхэмрэ пособиехэмрэ къызэрыщагъэсэбэпым икІи ар къэрал хабзэр къызэпызыуд Іуэхугъуэу зэрыщытым.

- Егъэджэныгъэмкіэ федеральнэ хабзэр ткІийщ икІи абы къигъэув мардэхэр къэралым и щІыналъэ псоми щагъэзэщІэн хуейщ, - къыхигъэщащ Ланкинэм. - Егъэджэныгъэм къыщыбгъэсэбэп хъунур федеральнэ спискэм хагъэхьа тхылъхэмрэ пособиехэмрэщ, зэреджэ тхылъ къыдэзыгъэкІыну хуит тедзапІэхэм я продукцэрщ.

ЩІыналъэ тхылъ тедзапІэхэм я лІыкІуэхэм Ланкинэм къагуригъэІуащ лъэпкъ щхьэхуэныгъэр, щэнхабзэр къызыхэщ щІыпІэ тхылъхэр федеральнэ спискэм зэрыхэбгъэхьэ хъуну щІыкІэхэмрэ Іэмалхэмрэ. Абы папщІэ тхылъхэр кІуэцІрыкІын хуейщ къэпщытэныгъэ зыбжанэм. Апхуэдэхэщ щІэныгъэ, педагогикэ, жылагъуэ, лъэпкъ-щэнхабзэ экспертизэхэр. Япэ ит къэпщытэныгъитІыр щызэфІах ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием, Егъэджэныгъэмкіэ Урысей академием, ЭкономикэмкІэ школ нэхъыщхьэм, МКъУ-м, СПбКъУ-м. Жылагъуэ экспертизэр щІыналъэм щокІуэкІыж. Абы къэрашалІэ лъэпкъ егъэджэныгъэм зиужьынымкІэ сэбэп хъу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм и лІыкІуэхэр. Лъэпкъ-щэнхабзэ къэпщытэныгъэхэр, хабзэ хъуауэ, щрагъэкІуэкІ егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ щІыналъэ институтхэм.

Ланкинэм зэрыжиІамкІэ, федеральнэ спискэм хыхьэ тхылъхэмрэ пособиехэмрэ я цІэхэр щыбгъуэтынущ fpu.edu.ru сайтым.

КъыдагъэкІ тхылъхэмрэ пособиехэмрэ ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ щІыпІэ тхылъ тедзапІэхэм я лІыкІуэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Мэкъумэш хозяйствэм и илъэсыр - Къэбэрдей-Балъкъэрым

# МыІэрысэхэр къыпачыж

**ПсынщІэу зызыужь мыІэрысей хадэ Бахъсэн щІыналъэм япэу щыхэзыса предприятэхэм ящыщщ «Юг Агроснаб» ООО-р. Жыг хадэхэм илъэс къэс зэрыхагъэхъуэнум тещІыхьа проектым тету, нобэ ирихьэлІэу ахэр гектар 600-м нагъэсащ.**

ПЭУБЛЭУ къызэрабжамкІэ, пхъэщхьэмыщхьэу тонн 50 - 60 мы гъэм гектарым къыпахынущ. «Юг Агроснаб» компанием зэрихьэр дуней псом къыщалъытэ мыІэрысей лІэужьыгъуэ нэхъыфІ дыдэхэрщ. Апхуэдэщ «голден делишес», «грени смит», «гала», «бребурн», «джона голд», «фуджи» жыхуиІэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Я фІагъыр, я ІэфІымрэ я къэуатымрэ мыкІуэдын, нэхъыбэрэ щылъын щхьэкІэ, пхъэщхьэмыщхьэр и чэзум хуэсакъыу къыпычыжын хуейщ. Ар иджырей техникэ хэхакІэ зэщІыдокъуэж, цІыхухэр къуажэхэм къыдош, - жеІэ обществэм и агроном нэхъыщхьэ Нэгъуей Къазбэч.

Псыр Іэмал гъэунэхуакІэ зэрыщІагъэхьэм къыдэкІуэу, «Юг Агроснаб»-м и жыг хадэхэм уэм щызыхъумэ хъархэр (сеткэхэр) щыукъуэдиящ, гъэІэпхъуэнхэр къыщагъэкІ щІыпІэхэм жыджэру зрагъэубгъу.

- Мы зэманым Бахъсэн щІыналъэм псынщІэу зызыужь жыг хадэу гектар 1200-м нэблагъэ щыІэщ. А Іэмалым тету Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэу щызэрахьэм и процент 40-р ди районым хуозэ, - къыхигъэщащ щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и ІуэхущІапІэм и унафэщІ Къаскъул Хьэмидбий.



Къыпачыж мыІэрысэхэр пластмассэ ашык хэхахэм иралъхьэ. Ахэр «Строймаш» ТД ООО-м пхъэщхьэмыщхьэм папщІэ пластикэ контейнерхэр зыгъэхьэзыр и заводым къыщІегъэкІ. КърахьэлІэж мыІэрысэхэр иджырей хладокомбинатым щагъэтІылъ, ахэр абы илъэс псом щахъумэ хъунущ.

ШыщхьэуІум и кІэ лъандэрэ пхъэщхьэмыщхьэр къыпачыж, жэпуэгъуэр иухыху а лэжьыгъэм пащэнущ.

***Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***

● Хъыбар гуапэ

# Олимпиадэм зэрыкІуэнумкІэ хуитыныгъэрэ жэз медалрэ Махуэ Билал зыІэрегъэхьэ



**США-м и Лас-Вегас щІыпІэм спорт бэнэкІэмкІэ дунейпсо чемпионат щокІуэкІ. Жэз медалрэ Рио-де-Жанейрэ етІанэгъэ щекІуэкІыну Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм зэрыкІуэнумкІэ хуитыныгъэрэ Махуэ Билал абы дыгъуасэ щызыІэригъэхьащ.**

ЗЭИ къэмыхъуауэ Махуэ Билал бэнэкІэ лІэужьыгъуитІымкІэ дунейпсо чемпионатым хэтынущ. Ар хуабжьу жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Іуэхугъуэщ, абыхэм олимп лицензэхэр зэрыщагъэувам къыхэкІыу. ЕтІанэгъэ Бразилием щекІуэкІыну Олимпиадэм хэтыну Іэмал ягъуэтынущ мы дунейпсо чемпионатым и саугъэтхэр къэзыхьхэм.

Махуэ Билал япэщІыкІэ зыкъыщигъэлъэгъуащ нэгъабэ лъандэрэ зыхэт килограмми 130-м нэс зи хьэлъагъхэм алыдж-урым (классикэ) бэнэкІэмкІэ ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм. ЗэрыфщІэжщи, 2014 гъэм екІуэкІа дунейпсо зэпеуэм а лІэужьыгъуэмкІэ япэу утыку ихьа адыгэ щІалэм дыжьын медалыр зыІэригъэхьащ. Абы щыгъуэм Кубэм щыщ, тІэунейрэ Олимп чемпион Лопес Михан 1:0-у финалым къыщытекІуащ.

Мыгъэрей зэпеуэми Махуэри абы и гъэсакІуэхэри куэдкІэ щыгугъырт. Нэрылъагъут Билал и нэ къызэрикІыр бэнэкІэ лІэужьыгъуитІымкІи езым нэхъ лъэщ дунейм зэрытемытыр игъэлъэгъуэну. АрщхьэкІэ пхъэидзэм япэ гугъуехьыр къыхуишащ - пэщІэдзэ зэІущІэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ нэгъабэ къыхэзыгъэщІар.

ЩІы хъурейм и ныкъуэр зэпызыупщІу Америкэм нэса адыгэ щІалэр абы и климатым хэзэгъэным зэман пыухыкІа хуейт, Лопес а щІыпІэм щопсэу. Арами, нэгъуэщІ зыгуэрми хэт ищІэн щхьэусыгъуэр, ауэ Махуэ Билал аргуэру къыхагъэщІащ. Иджы 1:2-уэ.

Псори къызэтещэха хуэдэт. Махуэр адэкІэ зыгуэрым щыгугъын папщІэ къытекІуар финалым нэсын хуейт. ИтІанэт Билал зэхьэзэхуэм щыхагъэхьэжынур. Насып иІэти, Лопес и хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІри, кІэух зэІущІэм нэсащ. Махуэ Билал адэкІэ ищІэнумкІэ хуитт.

Зи гур къызэрыгъуэтыжа ди щІалэм къыпэуваитІыр гугъу емыхьыщэу хигъащІэри, финал цІыкІум нэсащ. Жэз медалыр зыІэригъэхьэн папщІэ абы хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ хэгъэрейхэм ящыщ Смит Роберт.

ЗэІущІэм еплъыну кърихьэлІа цІыху минхэр, дауи, зыдэщІыр я хэкуэгъурт. Абы щхьэкІэ къэмынэу Махуэр 7:0-у япэ ищащ. Къыпщыхъунут текІуэныгъэр адыгэ щІалэм и Іэрылъхьэу. АрщхьэкІэ напІэзыпІэм Іуэхум зихъуэжащ - США-м щыщ бэнакІуэм зыкъызэкъуихри, Билал хигъэзыхьыпэу щІидзащ икІи ар къыхигъэщІэным зымащІэщ иІэжар. Апхуэдэу щыт пэтми, ди лъахэгъум ерыщагъ ин къигъэлъагъуэри 10:8-уэ текІуащ. Абы и фІыгъэкІэ жэз медалымрэ олимп лицензэмрэ зыІэригъэхьащ.

- ЗэІущІэм и кІэухым къэхъуар сымыщІэу напІэзыпІэм си ІэпкълъэпкъыР щІэлІащ, - жиІащ щыбэна алэрыбгъум къызэрытекІыжу Махуэ Билал. - Пэжу къыщІэкІынущ зы щІыпІэм уикІыу нэгъуэщІым укІуа иужькІэ ещанэ махуэр нэхъ хьэлъэу зэрыжаІэр. Нобэ апхуэдэт. ПхъэидзэкІэ си хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм занщІэу сыхуэзащ, армыхъумэ чемпионыгъэми сыщІэбэныфынут. Абы къыхэкІыу зэхьэзэхуэр си дежкІэ нэхъ хьэлъэ хъуащ. Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ, щэбэтым нэгъуэщІу сыкъэфлъагъунущ - сэ куэдкІэ сынэхъ лъэщынущ.

Ди зэманымкІэ фокІадэм и 13-м и пщэдджыжьым (США-мкІэ фокІадэм и 12-м и жэщым) Махуэ Билал аргуэру дунейпсо утыкушхуэм ихьэнущ. БэнэкІэ хуитымкІэ килограмми 125-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм ар щыщІэбэнынущ дыщэ медалымрэ олимп лицензэмрэ. Зы къалэныр абы игъэзэщІащ, къыпэплъэр зыкІи нэхъ тыншкъым.

А пщыхьэщхьэ дыдэм бэнэнущ килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъ Джэду Іэниуар. Европэм щэнейрэ и чемпионыр иджы дунейпсо лъагапІэм хущІэкъунущ. КъищынэмыщІауэ, хуей хъумэ, Махуэ Билал ихъуэжыну хьэзырщ Къущхьэ Мурадин.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# ЩІалэхэр къэрагъэблэгъэж

● ЩІыпІэ жыжьэм щылэжьахэр

**Ди къэралым и Амур областым мы зэманым щащІ «КъуэкІыпІэ» («Восточный») космодромыр къалъытэ УФ-м щрагъэкІуэкІ ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу.**

УЭГУ жыжьэр (хьэршыр, космосыр) къэзыгъэІурыщІэ кхъухьхэр зытелъэтыкІыну щІыпІэр зыхуей хуэгъэзэным щІэгъэхуэбжьауэ яужь ит ІэщІагъэлІхэм хуагъэІэпыдзлъэпыдзын, дагъэІэпыкъун папщІэ гъэмахуэ кІуам абы ягъэкІуащ ди къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс студентхэм ящыщу минрэ ныкъуэм нэблагъэ. Абыхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа щІалэхэри.

ЩІыпІэ жыжьэ щыІахэм ящыщ зы гуп фокІадэм и 8-м Налшык къыщрагъэблэгъэжащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ Амур областым кІуа щІалэхэр 55-рэ дыхъурт, гупиплІу дыгуэшат. Апхуэдиз студент нэзыутІыпщыфа Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ адрей хэгъуэгухэм яхэтакъым. Бадзэуэгъуэм и 12-м псори драгъэжьами, нобэ къекІуэлІэжауэ мыбдежым щыфлъагъур «Бгырыс» зыфІэтща япэ гупым хэт цІыху 22-ращ. Адрейхэми мыгувэу къагъэзэжынущ, - жиІащ «Урысейм и студент отрядхэр» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Шэфий Аслъэн. - «КъуэкІыпІэ» космодромыр ухуэн щаухын хуея пІалъэм тІэкІу зэрыфІагъэкІам къыхэкІкІэ, УФ-м и Правительствэм унафэ къищтауэ щытащ, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс щІалэгъуалэм ящыщу езыхэм яфІэфІу абы кІуэну хуейхэр Амур областым яшэну. Апхуэдэ щІыкІэм тету космодромыщІэм щызэхуашэса студентхэм я бжыгъэр минрэ ныкъуэм щхьэдэхат. Ар мащІэкъым. ЖыпІэ хъунущ уэгум ягъакІуэ кхъухьхэм я телъэтыкІыпІэщІэр нэхъ псынщІэу зыхуей хуэгъэзэныр а Іуэхум щІигъэхуэбжьауэ. Ди щІалэхэм здэщыІам фІы и лъэныкъуэкІэ зыкъыщагъэлъэгъуащ. Дызэхуэзышэсахэм абы гу къылъатэри, Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Урысейм и студент отрядхэр» зэгухьэныгъэм и штаб нэхъыщхьэмрэ я цІэкІэ фІыщІэ тхылъхэр къыдататащ икІи, абы къыдэкІуэу, а щІыпІэм иджыри къызэрыщытпэплъэр къыхагъэщащ. УэгурыкІуэ кхъухь гъэлъэтапІэм и языныкъуэ Іыхьэхэр мы гъэр имыух щІы кІэ хьэзыр зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

УхуакІуэхэм я мурадщ, зыплъыхьакІуэ а щІыпІэм кІуэ туристхэм папщІэ «Восточный» космодромым и Іэгъуэблагъэм «индустриальнэ туризм» унэтІыныгъэщІэм и зы ІэнатІэщІи къыщызэІуахыну. Ар Амур областым лэжьыгъэ ІуэхукІэ кІуэ цІыхухэми я нэгузыужьыпІэу щытынущ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



● Май щІыналъэ

# ПІалъэм фІэмыкІыу

**Май районым щызэхэт «Ленинцы» мэкъумэш ІэнатІэр Іэщым ирагъэшхыну мэкъумылэмрэ хьэуазэмкІэ бэлэрыгъыркъым.**

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлІэу хьэуазэу тонн 1500-м нэс зэкІуэцІапхащ икІи ар ирагъэшащ Іэщ, джэдкъаз щагъэхъу фермэхэм. Апхуэдэу тонн мини 3 мэкъуу зэтралъхьэжащ, мини 8-м нэблагъэр губгъуэм кърашыжын хуейуэ яІэщ.

Мэкъумэш кооперативым и унафэщІхэм къызэрыхагъэщамкІэ, илъэс къэс Май щІыналъэм хэгъуэр Іыхьиплlу гуэшауэ къыщрахьэлІэ: мэкъур къэхын, гъавэр Іухыжын, силосыпхъэрэ гъавапхъэу зэщхьэщыхауэ нартыхур къехьэлІэжын. Ахэр пІалъэм фІэмыкІыу икІи кІэрыхуншэу иджыпстукІэ йокІуэкІ.

Хозяйствэр техникэхэмкІи губгъуэ лэжьыгъэм фІыуэ щыгъуазэ ІэщІагъэлІхэмкІи хъарзынэу къызэгъэпэщащ. Хэгъуэр щызэфІэкІа гъавапкъэхэр мыгувэу вэн щІадзэнущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## Мы махуэхэм

**ФокІадэм и 10, махуэку**

♦**ЦІыхум зиукІыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ**

♦**Китайм щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и махуэр**

♦1492 гъэм Урысейм и унафэщІ Иван Ещанэм Илъэсыщіэр щагъэлъапІэ пІалъэр игъэІэпхъуауэ щытащ. Абы и унафэкІэ ар гъатхэпэм и 1-м ирахри, фокІадэм и 1-м яхьауэ щытащ.

♦1721 гъэм Урысеймрэ Швециемрэ илъэс 21-кІэ ирагъэкІуэкІа Ищхъэрэ зауэр иухащ.

♦1725 гъэм Невский Александр и орденыр къащтащ.

♦1756 гъэм Санкт-Петербург Урыс театр къыщызэрагъэпэщащ. Иджы ар драмэмкІэ Урысей къэрал академие театрырщ, Пушкин Александр и цІэр зезыхьэрщ.

♦1984 гъэм инджылыз генетик Джеффриз Алек ДНК-м и гъэщІэгъуэнагъыр къиухуащ. ІэпапІэхэми ещхьу, зи ДНК-хэр зэщхь цІыхуитІ дунейм теткъым.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **ЩоджэнцІыкІу Іэдэм** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бажэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **КІэнцІэлий Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиІэ хеящІэ **Къунаш Адэлбий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Къаншыкъуей Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, политик **Сэхъу Владимир** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и обозреватель **ЕмтІылъ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Костолевский Игорь** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, актрисэ **Долинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«meteonovosti.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**ФокІадэм и 11, мэрем**

♦**Фадэ емыфэным и Урысейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ я ІэщІагъэлІхэм я махуэщ**

♦**Аргентинэм щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и махуэр**

♦1812 гъэм Аляскэм япэу итІысхьащ урыс лъэпкъым щыщ гупхэр - Форт Росс зыфІаща щІыналъэр къэунэхуащ.

♦1943 гъэм Къуэныкъуей Назир боевой къалэн иІэу япэ дыдэу уэгум ихьащ икІи япэ нэмыцэ кхъухьлъатэр къриудыхащ, абы папщІи генерал Савицкэм япэ орденыр къритащ.

♦1961 гъэм къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсыр хъумэным и Дунейпсо фондыр.

♦1973 гъэм Чилим Іэщэ къагъэсэбэпу щрагъэкІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэм яужькІэ властыр ІэщІыхьащ дзэ хунтэм, генерал Пиночет Аугустэ зи пашэм.

♦2000 гъэм Кавказым и къуршхэм ящыщ зым «Курск» фІащащ, Баренцевэ тенджызым шыщхьэуІум и 12-м щыщІилъэфа псыщІагъырыкІуэ кхъухьым исахэм я фэеплъу.

♦2001 гъэм дунейм щынэхъ лъэщ дыдэ теракт щалэжьащ США-м и Нью-Йорк къалэм. Абы цІыху минищым щІигъу хэкІуэдат.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо литературэм и классик **О' Генри** къызэралъхурэ илъэси 153-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакІуэ, ВЧК-м и къызэгъэпэщакІуэ **Дзержинский Феликс** къызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, тхакІуэ, драматург, УФ-м и цІыхубэ артист **Довженкэ Александр** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Дашу Хьэшыр** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, авиацэм и генерал-полковник, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Титов Герман** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦СССР-ми КъБР-ми я цІыхубэ артист **Кобзон Иосиф** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и ректор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Алътуд Юрий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ къэрал къулыкъущІэ, 2000 гъэ лъандэрэ абы и президент **Хафез аль-Асад Башар** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Генерал-майор, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Следственнэ комитетым и лэжьакІуэ **Хьэжмусэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«meteonovosti.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Лъы уасэрэ пхъу уасэрэ мылъку хъуркъым.**

*(КIэлъыкIуэр.
ПэщIэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139,
144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159 - 160, 164, 166-167, 173-хэм итщ).*

Уи фэеплъым щыщ щэкI кIапэ нызогъэхьри къэцIыхуж,
Къыпысчащ ар си щхьэтепхъуэм, уэ къысхуэпщIыгъам гупыж.
Ди гум IэфIу зэхуилъахэм я фэеплъу къренэж,
Уафи, щIылъи, дыгъи, мази къытхуеиж дэ щымыIэж!»

Зэриухыу гухэлъ тхыгъэр, и гур щауэм деж нэсащ,
Iэм IэщIэлъ щэкI кIапэ тIэкIур гуауэ нэпскIэ ижьыщIащ.
ЕкIуэсэхри щхьэм данэпсыр, щхьэц данагъуэр сэтей хъуащ,
КъыкIэрих мэ Iэфым занщIэу Iэгъуэблагъэр зэщIищтащ.

КIуэжын хуейти Гуланшарэ, IуэхутхьэбзащIэр гъуэгу тохьэж,
Махуэ лей ар гъуэгу темыту Фатмэ гуащэм деж носыж,
Къихутар, и нэгу щIэкIахэр хъыбарзехьэм къеIуэтэж.
Автандил ар щызэхихым, Тхьэм пщIэ хуищIу къогуфIэж.

Абы жеIэ: «Носыр и кIэм ди гур псоми щIыхэщIар.
Стелъщ уи щIыхуэ куэду, Фатмэ - сщыгъупщэнкъым къысхуэпщIар,
Сежьэжынщ сэ зызмыIэжьэу, и кIэм носыр пIалъэ сщIар,
Сшэнщ Каджетым си ныбжьэгъур, ятщIэжын хуейщ къыдащIар».

Фатмэ жеIэ: «Аслъэн хахуэ! Сызыс мафIэр мэхъу нэхъ гуащIэ,
ЩIидзащ хэщIу си гум, мэхъури лъагъуныгъэм ар пэIэщIэ.
Тариэл деж гъэзэж псынщIэу, хъыбар гуапэри егъащIэ,
Къагъэзэжмэ каджхэм фяпэ, хэкIуэдащ влэжьар, зэвгъащIэ».

Автандили зимыIэжьэу пщылI щIыгъуахэр къриджащ,
ЯжреIэ: «Ажал фIыцIэм дыIэщIэкIри дыкъелащ.
Дэ куэд щIауэ зи Iуэху зетхуэм и хъыбар къытIэрыхьащ,
Ди ажалым щIэхъуэпс бийхэм ягу зэгъэнкъым, датекIуащ.

ХуэфIуэтэж Придон, фыкIуэжи, фщIар, флъэгъуахэр зэрыщыту.
Сэ сыхуэзэжынкIи хъункъым абы, дауи, зэман згъуэту.
Ауэ езыр ирегуфIэ, гурыфIыгъуэ IэфIым хэту,
ФIыгъуэу къатетхахэр бийхэм, фызот псори саугъэту.

КъысхуэфщIа къулыкъу хьэлэлым мыхэр уасэ хуэхъуфынкъым,
Ауэ, зэ дызэхуэзэжмэ, фэ фи щIыхуэ къыстенэнкъым.
ИджыпстукIэ мылъкуу сиIэр фыфейщ, къафщтэ, ар куэд хъуркъым,
Фимыгугъэ сыкъэзэру. Иджыпсту нэгъуэщI збгъэдэлъкъым.

ХамэщI сисщи аращ, ахъумэ, тыгъэ сщIыну си гупыжт».
ХъугъуэфIыгъуэу кхъухьхэм илъыр и гъусахэм хуегуэшыж,
ИкIэм жеIэ: «Щхьэж къылъысыр къафщти, унэм фекIуэлIэж,
ШынэхъыщIэм къыбгъэдэкIыу, мы тхыгъэр Придон схуефтыж».

## LI
## Автандил Придон хуитхар

Абы етх: «Придон, къуэш лъапIэ, пщым я пщыжу насыпыфIэ,
Аслъэныгуу зи гур хахуэу дыгъэ нурым хуэдэу фафIэ,
Бийр лъыкъуалэм хэзыгъапскIэу леймыгъэгъуу лIыхъужь бжьыфIэ!
ХамэщI ситу хъыбар гуапэр нызогъэхьри къыздэгуфIэ.

Гугъу сехьами, ар мыпщIэншэ, - хъуащ нэхъ нахуэ зетхуэ Iуэхур.
Сызыхуейм техуащи си Iэр, си гум тIэкIу нэхъ зегъэпсэхур.
Кадж пащтыхьым и деж щыIэщ Тариэл и дуней нэхур,
И унафэ щIын хуейщ псынщIэу, хущIогъуэжыр къыкIэрыхур.

Дыгъэр гъэру исщ къуршыщхьэм, телъ хьэзабым игъэгуIэу,
Розэ гуакIуэр ищIу фае, тохэ абы уэсэпс щIыIэр.
Датеуэнщи я быдапIэм, къэтщтэнщ къалэр дыгушыIэу,
ЗекIуэ кIуами каджхэр, пщащэр дзэм яхъумэ, жей ямыIэу.

КъогуфIыкIыр нобэ си гур, - абы нэпсри дэгъуэщынщ,
Уэ уи къуэшри, уэри, сэри дызэгъусэм куэд тлъэкIынщ.
Сыфхэмытми, зэкъуэшитIым мурад фщIар къывэхъулIэнщ,
Уеблэм цIыхум къыщымынэу, бгыр фи гъуэгум текIуэтынщ.

Сежьэжащи сыпIумыщIэу, сынолъэIу, къысхуэбгъэгъуну,
СопIэщIэкIыр нэхъ псынщIэIуэу бампIэм ихьыр згъэгуфIэну.
Дызэхуэзэжынщ дэ щыри, дыгуфIэжу Iуэху длэжьыну,
ЖысIэнщ пэжуи, бгъэзэщIащ уэ къыплъысахэр къуэш къалэну.

Стелъщ я щIыхуэ а уи пщылIхэм къысхуащIа Iуэхутхьэбзэм щхьэкIэ,
Зэрахьащ абыхэм лIыгъэ, хъун хуейщ гуапэ ар уи дежкIэ.
Придон Iущым игъэсахэм яфIэфI хъуркъым уащыщытхъукIэ,
Ауэ жиIащ зэгуэр Iущым: «Жыгейм и пIэм жыгей къокIэ!»

Тхэн еухри, тхыгъэ тIэкIур хуэсакъыпэу зэкIуэцIелъхьэ,
Удз гъэгъа Iэрамэм ещхьу пщылIхэм тхыгъэр яIэщIелъхьэ.
ФIэмащIэIуэу хуитхар къуэшым псалъэфI куэди яжьэделъхьэ,
И IупитIыр фIызэтежу, пщылIхэр гъуэгум трегъэхьэ.

Я лъэныкъуэмкIэ къикIауэ Автандил кхъухь гуэр йотIысхьэ,
Дыгъэ къепсым хуэдэу бжьыфIэу хы уфафэм и щыгу тохьэр,
Фатмэ гуащэм ар пэIэщIэ зэрыхуэхъури и гум щIохьэ,
Къожэх нэпсыр псыхьэлыгъуэу, кърисыкIыу и нэкIущхьэр.

Фатми, пщылIхэми, Усени - псоми гуIэу зафыщIыж,
ЖаIэ: «Дыгъэм уи бзий гуащIэм дебгъэсау утщхьэщокIыж,
Иджы сыт дэ къытхуэнэжыр, гурыфIыгъуэу сыт диIэж:
АжалыIэкIэ къэIэби, кхъэм дыхьыжи дыщIэлъхьэж».

## LII
## Автандил Гуланшарэ йокIыжри Тариэл хуозэ

Автандил, арати, кхъухьым итIысхьауэ тетщ и гъуэгум,
И щхьэзакъуэми, лIыхъужьым гурыфIыгъуэр щIэтщ и нэгум.
Тариэл ар IущIэжынущ хъыбарыфIкIэ хэхъуэу и гур,
Тхьэм йолъэIу нэхъыфIкIэ щIалэр, IитIыр хуиIэтауэ уэгум.



Сурэтыр **Зичи Михай** ищIащ.

**РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)**

# Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

**ЗэзыдзэкIар БЕР Хьэбалэщ**

Гъатхэ къихьам и дахэгъуэу, дунеишхуэр къещI щхъуантIагъэ,
Лъагъуныгъэм и дамыгъэу екIуу удзхэр зэщIогъагъэ.
Автандил игу щIохьэ розэм зэрытелъыр фэбжь, уIэгъэ,
Саратани[1] иувэжыну и пIэм иIэщ хуитыныгъэ.

ТехъуэпскIыхьу уафэгъуагъуэр, гъатхэ уэшхым щIыр егъэнщI,
Автандил къэгумэщIауэ, розэ цIыкIум ба IэфI хуещI.
ЙоIущащэ: «Уи мэ IэфIым сепэм пэтми зызмыгъэнщI,
Псалъэ гуапэ есIуэтылIэу ныбжьэгъуфI збгъэдэс къысфIощI».

Къуэш хуэхъуар къихьэхукIэ и гум, нэпсыр уэру лIым къожэх,
Лъэрытету ар кIуэ пэтми, гъуэгу зытетыр хуэмыух.
ЗренэкI къум нэщIыр, мэзыр, къурш гъуэгуншэми щхьэдох,
Ар къаплъэнми аслъэнми, къебгъэрыкIуэм и псэр хех.

ЕкIуэлIапIэм ноблэгъэжри, къецIыхужыр: «Мес бгъуэнщIагъыр!
ЩIэсщ абы сэ зи Iуэху зесхуэр, зэпымыууэ си хьэдагъэр.
ЖесIэжынщ слъэгъуар, злэжьахэр, скIуа гъуэгуанэм и жыжьагъыр.
ХэкIуэдакъэ си гугъуехьыр, нэщIу щытмэ а бгъуэнщIагъыр.

Ар екIуэлIэжауэ щытми, изэгъэнкъым куэдрэ и пIэм,
Ихьэжауэ ит хъунщ губгъуэм, иришажьэу и губампIэм».
«МынэхъыфIу пIэрэ, - жеIэ, - сыкIуэу сыплъэм къамыл кIыпIэм?»
Ахэр жиIэуэ егъэшри, макIуэ и гум къэкIа щIыпIэм.

ГурыфIыгъуэр щызу и гум, уэрэд жиIэу тетщ и гъуэгум,
Куэдрэ маджэ, жиIэу и цIэр, Iэджэ куэди къэкIыу и гум.
Гъуэгум тетурэ зыдэкIуэм, дыгъэ нур кърехдзэ нэгум:
Къамыл кIырым и бгъум Iуту Тариэл дэтщ аддэ лъэгум.

Щытщ и джатэм лъы къыпыжу иукIа аслъэным йоплъри.
Ишри щIыгъукъым. Мэгупсысэ, къыфIэмыIуэхужу зыри.
Автандил и макъ зэхехри, къызэщоу ар, зыкъещIэжри,
ЗоплъэкI, щIопхъуэ, къецIыхужри къызэщIоплъэ и гур нэхъри.

ХыфIидзауэ джатэр, мажэ къуэш хуэхъуам деж, гуфIэщауэ,
Автандили къыпожажьэ, дыгъэу къуэшым къытепсауэ.
Зым зыр гуапэу щыгуфIыкIыу ба зэхуащI зызэрадзауэ,
ЗэхуащI IэплIэ зэбзэрабзэу, фоупс я бзэм щIэлъэдауэ.

Тариэл и псалъэ IэфIхэм фIыхолъадэ гуапэ нэпсыр,
Лъыуэ щIэтыр зэрызехьэу, лъынтхуэу иIэм къызэпхопсыр.
ЗэпыупIи имыIэжу, къежэх нэпсым нэкIур есыр,
ЖеIэ: «Уэ сыныпIуплъэжри, нэхъ стеуащ мафIэс сызысыр».

Тариэл и нэпс къежэхым Автандил гуфIэжу IуощIэ,
И нэгу нэхум кърих нурым зытелыдэр дощIэращIэ,
«СыIэщIэкIри лъапсэрыхым, къыпхуэсхьащ сэ хъыбарыщIэ,
Иджы розэхэр щIэрыщIэу гъэгъэжынщ нэхъ дэгъуэу, сощIэр!»

Тариэл къопсалъэ: «Сыту гуфIэгъуэшхуэ нобэ махуэр!
Уэ услъагъужащи, си гур иджы гъащIэм нэхъ тогушхуэ.
Абы нэхърэ нэхъ хущхъуэфIкIэ схуэупсэнкъым ди тхьэу Тхьэшхуэр,
ЩIылъэ Iуэхур хъуам мыхъумыщIэ, доплъейр уафэм лъаIуэу цIыхур».

Автандил къихьа хъыбарыр Тариэл щызыхимыщIэм,
Тригъазэурэ хуеIуатэ, фIэфIу Iуэхур IупщIу къищIэм.
Иретыж къихьа щэкI кIапэр, къыпачар фэеплъ дахащэм,
КъецIыхуж ар: щыщщ щхьэтепхъуэ иритам зэгуэрым пщащэм.

Зэрилъагъуу и щэкI кIапэр, IэщIепхъуэтри къогуфIэж,
Хуехь и нэкIум хуэгумащIэу, зэуи ар нэщхъей къохъуж.
Къохуэхыжри и напIитIыр, гуауэ хьэлъэр къыщIохьэж,
Саламани[2] е Къайс[3] хахуи яшэчахэм хуэмыдэж.

Автандил бгъэдэсщ гузавэу и ныбжьэгъу гуIэжу щысым,
Сэбэп зыкIи хуэмыхъуфу къызэпижыхьащ и нэпсым.
Къебгъэлыну гугъущ ныбжьэгъур, ар хущIэкъумэ мафIэ зысым,
КъещI лIыхъужьыр нэхъ гумащIэ хъыбар куэд щIау зыщIэхъуэпсым.

Автандили магъ гуIэжу, и ныбжьэгъу нэщхъейм зыдищIу,
ПцIащхъуэ дамэу набдзэшхуитIыр зэм зэхуишэу, зэм ишэщIу.
И нэкIущхьэ къэплъам мафIэу къожэх нэпсыр, лъэужь ищIу,
МэIур гъыбзэу и гъы макъыр, уэрэджыIэ щэIу къыпфIэщIу.

И ныбжьэгъум ар IуплъэхукIэ, нэхъри нэпсыр къыфIыщIоткIу,
Абы жеIэ: «Мы Iуэху слъагъум хуишэнщ делэри емыкIу.
Псы тезмыкIэу мафIэм занщIэу, зысIэжьам нэхъыфIти тIэкIу, -
УмыщIэххэу гуфIэгъуэшхуэ зэхэпхыныр мытIэкIуфэкIу.

Иджы сыт сэ жысIэжынур? Си ныбжьэгъур схъумэфакъым!
Сэращ, дауи, псомкIи къуаншэр: Iуэхум сегупсысыфакъым.
«Упыхьамэ уепIэщIэкIыу, узыхуейхэр къохъулIэнкъым», -
ЖызыIам жиIат пэж дыдэу, ауэ сэ зысхуэшыIакъым.

Тариэл нэхъ Iей къыщыхъум, къуэшыр мэхъури фIэгуэныхь,
Автандил псы лъыхъуэ йожьэ - къуакIи бгыкIи зэхежыхь.
Щимыгъуэтым псы, аслъэным къыщIэжа лъыкъуалэр къехь,
Треутхэри лъыр и бгъэм, къещIыж ар тIэкIу цIыхум ещхь.

Автандил-аслъэн сымаджэр аслъэнылъкIэ къегъэхъуж,
Нэбжьыц кIырхэу инд зауэлIхэм сатыритIу заIэтыж.
Зэтрехри и напIитIыр, Тариэл зыкъеужьыж,
Мазэ фагъуэм телъ пшэ фIыцIэр дыгъэ бзийм зэкIэщIехуж.

Мэщт удз тхьэмпэхэр щIымахуэм, мэхуэлэжыр, мэхъу фейцей,
Мэгъуж розэри гъэмахуэм, тепсэм дыгъэ гуащIэ Iей.
Къуалэбзухэр къитщ я щыгум, жаIэу уэрэд дахэкIей,
ЩIыIэ хъуми, хъужми хуабэ, бэлыхь куэд яшэч тIэуней.

ЗэIубз зэи ар тхуэщIынкъым, - ещхьыркъабзэщ абы цIыхури:
Хэтми, гуапэ, хьэзаб телъми, и зэхуэдэу ешэч тIури.
ФIэтелъыджэщ делэм гъащIэр, химылъагъуэу абы зыри,
КIэлъоущыр нэфу гъащIэм, мэгъыж икIэм, хущIогъуэжри.

Тариэл йоплъ тхыгъэм, къаскIэу, и ажалыр хэлъ къыпфIэщIу.
Еджэн щIедзэ, илъагъу пэтми и акъылыр игъэжэщIу,
Щепхъуэр и нэр гухэ нэпсым, къемыджэфу адкIэ IупщIу,
Автандил къотэджри жеIэ, и ныбжьэгъур ауан ищIу:

«Дзыхэн хуейкъым апхуэдизу акъыл зиIэ цIыху губзыгъэр.
УгуфIэн хуейщ, и хэщIапIэр къыщыпщIакIэ, сыт ущIэгъыр?
ДыкIуэнщ абы депIэщIэкIыу, къедгъэлыну благъуэм дыгъэр.
Мис итIанэ жепIэнщ гуапэу абы хуэпщIа лъагъуныгъэр.

Ди гуфIэгъуэм нобэ гуауэр лъэужьыншэу дэбзэхынщ,
Каджет къалэр дэ къытпоплъэ - абы ди лъэр нэтхусынщ.
Бийр хуэтщIынщи хуит ди джатэм, къытпэувыр дгъэгъуэлъынщ,
Дгъэныпэнщи каджхэм я псэр, щыми къыздэдгъэзэжынщ.

Тариэл и упщIэм екIуу, Автандил жэуап ирет,
КъыщIедзэжыр нэху и нитIым, и напIитIым зыкъаIэт.
ЩIолъэдэжри лъыр и нэкIум, гуауэщхьэуэр щхьэщокIуэт,
Я нэхъ лъапIэр тыгъэу щыIэм зыхуэфащэр Тхьэм ирет.

Саратан[1] - европейхэр «ЕлыркъышкIэ» зэджэ вагъуэбэм и фIэщыгъэ
Саламан[2] - «Саламанрэ Абсалрэ» жыхуиIэ романым хэт лIыхъужьым и цIэщ
Къайс[3] - Низами и роман «Лейларэ Меджнунрэ» жыхуиIэм хэт лIыхъужьщ

ФIыщIэ ин хуещI и ныбжьэгъум Тариэл зэрыхулъэкIкIэ:
«Уэ пхуэфащэ хъун щытхъу згъуэту бжесIэфынкъым мысыхьэткIэ,
Дэлъэдауэ къуршыпс лъэгум, егъэнщI розэр псынэ IэфIкIэ,
Гъуэщыжащ си нэпсыр сэри, зепхьа лIыгъэм и сэбэпкIэ.
СхулъэкIынкъым пхуэсщIэжыну уи Iуэхутхьэбзэр - Тхьэм къуитыж,
Дуней фIыгъуэр зыIэщIэлъым фIыгъуэу иIэр пхуищI гупыж».
Шыхэм мэшэсыж лIыхъужьхэр, уэрэд жаIэу гъуэгу тохьэж,
ХъыбарыщIэр Асмат къищIэм, щыхъунщ гуапэ мыухыж.

Iусщ Асмат бгъуэнщIагъ бжэIупэм, дуней гъащIэм щIэмыхъуэпсу.
Тариэл носыжыр щIыгъуу лIыхъужь гуэр пщIэгъуалэм тесу.
Кърашэ тIуми уэредадэр, къуакIи бгыкIи зэлъащIысу,
Япожажьэр джанэпцIанэу Асмат, ахэр къимыгъэсу.

Илъэгъуакъым Iэджэ щIауэ Тариэл нэпс щIимыгъэжу,
Иджы еплъмэ, егъэщIагъуэ: къокIуэж фафIэрэ гуфIэжу.
Бланэ жэру пхрож мэзым Асмат, и лъэм щымысхьыжу,
ГуфIа щхьэкIэ, игу къэкIакъым гуауэм гуапэкIэ зихъуэжу.

Ар къалъагъури, лIыхъужьитIым гуфIэщауэ зэдыжаIэ:
«Ей, Асмату ди шыпхъушхуэ! Дэ ди дежкIэ гъащIэр къоIэ.
Мазэр фагъуэу хэтми кIыфIым, иджы дощIэ ар здэщыIэр,
Дыгъэр хуиту къепсыжауэ, тщхьэщехужыр гуауэ щIыIэр».

Автандил къопсыхри и шым, щIихьэу мажэ Асмат дежкIэ,
Бгъэдолъадэри хуещI IэплIэ, зэщIикъузэу пщащэр IитIкIэ,
Ба хуещI и пщэм, напэм, Iупэм, хуигъэпсыIэу нэкIур нэпскIэ,
ЙоупщI пщащэр: «Хъыбар щыIэ? Сыгузавэрт сэ уэ щхьэкIэ».

Автандил Асмат иретыр иIэгъам зэгуэр шыпхъу папщIэу,
Иджыпсту гъэрыпIэм гуIэу исым къыхуитхар, хуэпIащIэу.
ЖеIэ: «Къеджи, телъ хьэзабыр зыхуэдизыр къэпщIэнщ занщIэу!
ПщхьэщокIыжыр пшэ фIыцIагъэр, диIа хъунти ар дэ хьэщIэу».

Зэрилъагъуу Асмат тхыгъэр, зи Iэрытхыр къещIэр IупщIу,
КъыхуэмыщIэу зыхуихьынур, щытщ кIэзызу, шэч тIэкIу ищIу.
Зэрызохьэ бампIэ и гур, къару мащIэм фIыхигъэщIу,
ЯжреIэ: «Пэжу пIэрэ мыхэр псори, къысфIэмыщIу?»

Автандил нэщхъыфIэу жеIэ: «Пэжщ ар псори, умышынэ!
ЩыбзэхакIэ гуауэ щIыIэр, ди гуфIэгъуэр хъунщ гукъинэ.
ЗэкIэщIехур пшагъуэр дыгъэм, - нэхур хуиту къытхущIонэ,
ЩытекIуакIэ ем фIыр, ди щIым гуауэщхьэуэ къремынэ.

Инд пщы хахуэм псалъэ гуапэр хузэIуещэр Асмат уагъэу,
ЗэрымыщIэу куэд щIа хуэдэ, зэхуащI IэплIэ, зым зыр тегъэу.
Я нэжьгъуцхэм къыпыткIу нэпсыр тоткIуэ розэм уэсэпс щыгъэу,
Къегиинукъым Тхьэр цIыхум, щытмэ цIыхур тIэкIу губзыгъэу.

ХуащI фIыщIэшхуэ Тхьэм абыхэм: фIыгъуэу щыIэр арщ зи фIыщIэр.
Гуапэ пылъми бэлыхь къикIми, захуэщ псори абы ищIэр:
Инд лIыхъужьыр, Iэр ишийуэ, уафэ щхъуантIэм хуогумащIэ,
ЩIохьэ гуфIэхэу бгъуэнщIагъым, Асмат ахэр егъэхьэщIэ.

Тариэл жреIэ къуэшым: «СынолъэIур, хьэтыр уиIэм,
УедэIуэну, кIыхь къыпщыхъуми, гупыж сщIыуэ мы сэ бжесIэм.
Иныжь гупыр зэтезукIэу зэрахихрэ я псэр си Iэм,
СеIусакъым, ар Iуэху схуэщIу, гъэтIылъыпIэу мыбы иIэм.

СыщIэплъакъым, къысфIэIуэхуу, щысхьми гъащIэр мыбы мыгъуэу,
КъэттIэщIынщ иджы, деуэнщи, мы бгъуэнщIагъым щIэлъыр фIыгъуэу».
Къыщолъэт Асмати гуфIэу, дэлъхухэм щIыгъумэ имыжагъуэу,
Iуауд бжэхэр, зым зыр дэкIуэу фIыгъуэу щIэлъыр ягъэщIагъуэу.

ФIыгъуэу щIэлъыр зыхуэдизыр уи фIэщ хъункъым уIумыщIэу,
Топ хуэдиз налкъутналмэсхэр зэтелъщ, Iэтэу зэщIэпщIыпщIэу;
Дыщэ кIанэхэр къат-къату щIэзщ, я бжыгъэр къыпхуэмыщIэу,
ГъущI пхъуантэжьхэм дэзщ, дэгуауэ, хъугъуэфIыгъуэр нэхъыфI защIэу.

ПлIыщI Iуахати гъэтIылъыпIэу фIыгъуэу щыIэр щIэлъщ щIэмыхуэу,
Хьэпшып защIэкIэ кудауэ зы хъумапIи иIэщ щхьэхуэу.
Хэплъыхьауэ Iэщэ-фащэр щызэтелъщ абы Iуащхьэшхуэу,
ЩIыунэшхуэм итщ ику дыдэм гъэбыдауэ зы пхъуантэшхуэ.

Тхыгъэ тетщ: «Зэгъэпэщауэ Iэщэ-фащэ дэлъщ мы пхъуантэм,
Афэ джанэ, дау налмэскIэ, Басрэ жыру псыхьа джатэ,
КъеIэм каджхэр Иныжь лъапсэм, къикIынщ зауэ батэкъутэ,
«Пащтыхь укIкIэ» къеджэнщ хэтми, щхьэусыгъуэншэу мыр зыкъутэр».

Ауэ лIыхъухэм, замыIэжьэу, трауд пхъуантащхьэр лъейуэ,
Iэщэ-фащэу абы дэлъым къахуэпэнщ дзэ хъушэ зэуэ.
Дэзщ жыр пыIэр, афэ джанэр, жыркIэ джатэхэр псыхьауэ,
Шабзэ папцIэхэр жырыпэу илъщ шабзалъэм игуэшауэ.

Хэт сыт хуейми къыдех пхъуантэм, зэпелъытыр, зрегъапщэ,
ЗауэлI фащэу абы дэлъым пэлъэщынкъым зы жыр Iэщэ,
Пегъэщхъу цыпэу гъущIыр джатэм, лIым IэщIэлъмэ джатэ Iэпщэр,
А тIум фIыгъуэу щыIэм нэхърэ нэхъ къащтэнущ Iэщэ-фащэр.

Щыми жаIэ: «Мыбы хуэдэу тетха плъагъумэ, фIы къыдокIуэ!
ПхузэIуех Тхьэм насыпыбжэр, - ди гум илъым дыхуегъакIуэ».
ЗэкIуэцIалъхьэр Iэщэ-фащэу къыздащтэну нэхъ зэгуакIуэр,
Придон щхьэкIи хэплъыхьауэ зы жыр джати къыдагъакIуэ.

Зыхуеинум хуэдиз дыщэ, налкъутналмэс къыхахащ,
ПлIыщI Iуахати щIыхьэпIэбжэу, псори ягъэбыдэжащ.
Автандил къопсалъэ: «Нобэ джатэм нэхъ сехъуапсэ хъуащ!
ДыкъыщокIри нэху мы щIыпIэм, пщэдджыжь дожьэ. ТщIэнуращ!»

Уи чэзущ иджы, джэгуакIуэ, пыщэт тIэкIу хъыбар ежьам,
Тепсэлъыхьыт лъагъуныгъэу ныбжьэгъуитIым зэхуащIам,
ЛIыхъужьыгъэуи зэрахьэм, яхулъэкIым Iуэху пыхьам,
И гугъу тхуэщIыт батэкъутэу Каджет щIыпIэм щагъэшам.

## LIII
## Тариэлрэ Автандилрэ Придон деж зэрынэсар

КIуащ лIыхъужьхэр шыбгым ису пщэдджыжь дыгъэм зиIэтыху.
Асмати здахьахэщ кIэсу Нурадин и хэку ихьэху.
Дэжыг гуэрым деж уаситIкIэ Асмат шы къыщыхуащэху,
Автандил ищауэ япэ макIуэ, - гъуэгур фIыу ецIыху.

Къалъагъу: аддэ итщ губгъуэшхуэм Нурадин и Iэщыр хъуакIуэу,
Зы къэрали щыIэ хъункъым апхуэдиз Iэщышхуэ иIэу.
Тариэл къопсалъэ: «Iэщыр едвгъэхужьэт, дыгушыIэу,
Гузэвэнхэщи, пащтыхьым къагъэнэнкъым жрамыIэу.

Зэретхужьэу и Iэхъушэр, дыхъунщIакIуэу къафIэщIынщ.
«Фащымысхь абыхэм!» - жиIэу, Нурадин къыттегуплIэнщ.
ИкIэм дыкъицIыхужынщи, IэплIэк1э къытпежэжьэнщ,
Дэри ахэр ауан тщIауэ, дыгушыIэу даIущIэнщ».

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

# МэшбащIэ Исхьэкъ и щIыхьыр иIэту Iуащхьэмахуэ дэкIащ

**Шыбзыхъуэ Къазбэч Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ альпинистщ. А Iуэхум абы езым зыхуигъэсэжауэ аращ, ауэ, апхуэдэу щытми, и зэфIэкIкIэ альпинист цIэрыIуэхэм къакIэрыхуркъым. Илъэс зыбжанэм ар пщIэ бжыгъэрэ дэкIащ Iуащхьэмахуэ и щыгум. ЗэрытщIэщи, а бгы уардэм и щыгум псори иригъэхьэркъым, зыбжанэрэ абы дэкIыну зыхузэфIэкIыр «езым къыхихахэрщ».**



АБЫХЭМ ящыщщ Шыбзыхъуэ Къазбэч. Ар цIыхугъэ лъагэ, пэжыгъэ, гуапагъэ зыхэлъщ. И псалъэм тебгъуэтэж щIалэщ, апхуэдэу щытхэми пщIэ яхуэзыщIщ. ЦIыху фэрыщIхэр, мыхьэнэншэхэр къридзэкъым. Апхуэдэхэр абы псынщIэу къещIэ икIи ихъуреягъым зыщаIэжьэркъым. ЖыпIэнурамэ, зи псалъэр мащIэ, зи лIыгъэр бащэ цIыхущ Къазбэч.

Мы гъэм Iуащхьэмахуэ дэкIауэ Шыбзыхъуэм щыблэ къеуауэ щытащ. Апхуэдэм иужькIэ псэууэ къанэр мащIэщ, къелахэми фэбжь къыхах хабзэщ. Нэхъапэм Къэбэрдейм щагъэлъапIэрт щыблэ зэуа цIыхури ар къыщыхъуа щIыпIэри. Абы къелахэм къахэкIырт тхьэгурымагъуэхэр, Iэзэхэр.

Къазбэч иIэну зэхъуэкIыныгъэхэм дэ дыщыгъуазэкъым, ауэ къэхъуам зы лъэужь гуэр къызэригъэнэнум шэч хэлъкъым. Шыбзыхъуэм зэрыжиIэжамкIэ, къыкIэлъыкIуэ махуэм абы и нэр зытехуэ дэтхэнэ зы мывэри цIыху теплъэ иIэу илъагъурт.

Къазбэч 30-рэ дэкIащ Iуащхьэмахуэ. Иужьрейр абы триухуащ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ. Сыт ар къыщIыхихар жыпIэмэ, Шыбзыхъуэм тхакIуэр къелъытэ Кавказым и лIыхъусэжьу, абы и творчествэм дехьэх. Ар къеджащ МэшбащIэм и «Хъан-Джэрий», «Адыгэхэр», «Ридадэ» роман цIэрыIуэхэм. Псом хуэмыдэу игу ирихьащ и лъэпкъыр зы къэралыгъуэу зыгуэзыгъэхьэжыну япэу хущIэкъуа, адыгэ пщы цIэрыIуэ Ридадэ теухуа тхыгъэр. А романым кърита гурыщIэхэм зэщIаIыгъэу, Къазбэч мурад ищIащ Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и зи чэзу дэкIыгъуэр МэшбащIэ Исхьэкъ триухуэну. Абы щхьэкIэ дэIэпыкъуэгъу къыилъыхъуакъым, абы дихыну ныпым тетынур езым итхащ, ар ирилъэхьэзырри, ехъулIэныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ дэкIащ.

Сыт Къазбэч дежкIэ бгыхэр? «Бгы щыгум укъиува нэужь, къыбгурыоIуэ дунейр цIыхухэм ейуэ зэрыщымытыр, атIэ абы щытепщэр къэхъукъащIэ инхэр зэрыарар. ЩIы хъурейр уи лъапэм щIэтщ, уэ зы пшахъуэ цIыкIу ухуэдэу аращ, а дунейм уи хабзэхэр щыбгъэувыныр къэгъэнауэ, зы мывэ ебгъэкIуэтэкIыну хуитыныгъэ уиIэкъым. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, дунейм тет цIыхухэм абы и дахагъ псори ялъагъуу щытамэ, зэгурымыIуэныгъэ щыIэнутэкъым. Бгыхэр цIыхухэм къагъэIурыщIэ жыхуаIэр пэжкъым. Бгыхэращ цIыхухэр къэзыгъэIурыщIэр», - жеIэ Шыбзыхъуэ Къазбэч.

**КОТЛЯРОВ Виктор**,
*Урыс географие зэгухьэныгъэм и унафэщI.*

● Щэнхабзэ

# Къафэр зи гъащIэ



**Адыгэ къафэм и дахагъымрэ и уардагъымрэ куэд тетхыхьащ. Къафэм дихьэха цIыхур, абы и IэфIыр зыхэзыщIар къыикIыжыфыркъым зэрыхуа а архъуанэм. Ардыдэрщ къыщыщIар «Кабардинка» ансамблым илъэс куэдкIэ къыщыфа, абы и солисту щыта БжьыхьэлI Замир.**

- Си адэ-анэм - СулътIанрэ Дусэрэ - я гущхьэ къэкIыртэкъым сэ къэфакIуэ къысхэкIыну, хэбгъэзыхьмэ, а зэманым къэфакIуэр лэжьыгъэу ябжыртэкъым, - жеIэ Замир. – Куэдрэ сигу къокIыж щхьэгъубжэмкIэ сыдэлъурэ гупжьейм сазэрыфIэкIуэу щытар. «Абы нэхърэ уеджэмэ нэхъыфIщ» къызжаIэрт. Къафэм сызэрыдихьэхыпар, ар IэщIыб зэрызмыщIынур, уеблэмэ си гъащIэр абы зэреспхынур си адэм къыщыгурыIуэм, сыт ищIэнт - арэзы хъуащ.

Замир и утыку итыкIэ дахэр щигъэлъэгъуащ хамэ къэрал куэдым. Ар илъэс 12-м щIигъукIэ къыщыфа «Кабардинка» ансамблым илъэси 10-кIэ солист пэрыту хэтащ. Абы илъэгъуащ лъэпкъ куэдым я щэнхабзэ хьэлэмэтхэри. Ауэ ди хабзэм, къафэм хуэдэу дахэ, купщIэшхуэ зыхэлъырэ абы ефIэкIынрэ щымыIэу къелъытэ. Замир фIыщIэ яхуещI езыгъэджахэми, зыгъэсахэми, къыдэлэжьахэми.

- Си гъащIэм и зэман нэхъ дахэхэм икIи гукъинэжхэм ящыщщ «Кабардинка» ансамблым сыщыхэтар. Абы гукъэкIыж дахэ куэд епхащ, - пещэ и псалъэхэм Замир. - Пэжщ, къэфэным улахуэшхуи къыпэкIуэртэкъым, зэман куэди щызгъэкIуэн хуей хъурт. Ауэ ар зыпэсщI щыIэтэкъым, а IэщIагъэр нэгъуэщIым схуегъэпщэнукъым икIи схуегъэщхьынукъым. Аращ сысейри сызыхуейри.

Адыгэ къафэр лIэужьыгъуэ куэду зэщхьэщокI. Апхуэдэщ удж, уджпыху, ислъэмей, зэхуэкIуэ, лъапэрисэ, нэгъуэщIхэри. Ауэ абыхэм псоми зэщхьу зыгуэр яхэлъу къелъытэ Замир - адыгэ лъэпкъым и къекIуэкIыкIар, и тхыдэр щыболъагъу. ГъэщIэгъуэныракъэ, таурыхъым хуэдэу, дэтхэнэ къафэ лIэужьыгъуэми ар къыпхуаIуатэ.

Къафэм гъащIэм щиIэ мыхьэнэр зыхуэдэм къытхутепсэлъыхьащ БжьыхьэлIыр. Ар гуфIэгъуэм, дахагъэм и нэщэнэу ебж Замир. КъафэкIэ уи нэгу зебгъэужьым и мызакъуэу, абы хьэлэмэтагъ куэд хэлъщ. Абы цIыхум и псантхуэхэм зрегъэгъэпсэху, гукъеуэ иIэмэ, зэман гуэркIэ щегъэгъупщэ. Къэфэныр цIыхум и узыншагъэмкIи сэбэпщ. Псалъэм щхьэкIэ, купщхьэ зэрытыпIэхэр фIыуэ зэрегъакIуэ. Къафэм игъэзащIэ къалэнхэм ящыщщ гъэсэныгъэм укъызэрыхуриджэри – укъафэу утыку ущитым и деж щэныфIэу, щIыкIафIэу узэрыщытыным ухущIокъу, хьэлыншагъэмрэ щIыкIеягъэмрэ защыбдзейуэ. Апхуэдэуи къафэм хыболъагъуэ лъэпкъым и хабзэ-бзыпхъэхэр.

Къэфэным дихьэх цIыхур зэгупсысыр дахагъэщ, гуфIэгъуэщ, лъагъуныгъэ къабзэрщ икIи и хъуэпсапIэхэр къафэм къызэрыхихыным хущIокъу. Апхуэдэ гупсысэ дахэхэр зиIэ цIыхум и лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэригъэзэщIэнум, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфэщэным зэрыхущIэкъунум шэч хэлъкъым.

БжьыхьэлIыр иджыпсту ядолажьэ ныбжьыщIэ цIыкIухэми къэфэкIэ зэзыгъэщIэну гукъыдэж зиIэ балигъхэми. Замир и щытхъу куэд игъасэ цIыкIухэм я адэ-анэхэм жаIэу зэхыбох, я сабийхэр дахагъэм къызэрыхуигъэушым папщIэ. Абы и щыхьэтщ Нэгъэпщ Лейлэ, Хьэшыр Сониттэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, нэгъуэщIхэми Замир теухуауэ къыджаIахэр. Зэман кIэщIым къриубыдэу абы хузэфIэкIащ и гъэсэнхэр къэфэкIэ хабзэхэм щыгъуазэ хуищIыну, джэгу хэтыкIэр яригъэщIэну. Аращ абы и деж цIыкIу куэд щIекIуалIэр. Замир хузэфIокI къафэр я гум, я псэм дыхьэу ныбжьыщIэхэр къигъэтэджыну. Ар и гъэсэнхэм яхущытщ щабэу икIи тэмакъкIыхьу.



Куэд щIакъым Замир ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэн зэрыщIидзэрэ, ауэ гукъыдэж зиIэхэр куэду яхэтщи, абы игу илъщ гупыр утыку иришэну.

- Сэ адыгэ къафэм сыдехьэх икIи сфIэфIу БжьыхьэлIым и гупжьейм сыкъокIуэ, - жеIэ и гъэсэнхэм ящыщ Къэбардэ Стеллэ. - Куэд елъытащ узыгъасэ цIыхум. Замир игури и псэри зэIухауэ, гуапэу къыдбгъэдэтщ, щэнхабзэм, гъуазджэм я мыхьэнэм дыхуегъэIущ.

Къафэм къакIуэ балигъхэми жаIэ я Iэпкълъэпкъыр нэхъ псынщIэ зэрыхъуар, я узыншагъэмкIэ къафэр зэрысэбэпышхуэр.

Нэрылъагъущ иужьрей зэманхэм щIалэгъуалэр яфIэфIу джэгухэм зэрыкIуэр, къэфэну гукъыдэж зиIэхэри кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур. Замир лъэпкъ къафэмрэ макъамэмрэ зыхимыщIэу зы махуи псэуфыну къыщIэкIынкъым. Ар къызыгурыIуэхэм БжьыхьэлIым деж я бынхэр къагъакIуэ, дзыхь къыхуащIу.

БжьыхьэлIым унагъуэ дахэ иIэщ. И щхьэгъусэ Залинэрэ езымрэ щIалищ зэдапI. Шэч хэлъкъым ахэри зэманым декIу цIыху щыпкъэ зэрыхъунум.

**ТАБЫЩ Динарэ.**

*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Щапхъэ

# ФIыщIэ зыхуэфащэ цIыху

**Псори дыкъэзыгъэщIу, дэтхэнэ зыми хуэфэщэн щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ къыдэзыта Алыхьым и псалъэу япэ дыдэ КъурIэным къехар «Еджэ!» жыхуиIэрщ. Диным жылагъуэм щиубыд увыпIэмрэ мыхьэнэмрэ зэман-зэманкIэрэ зэхуэмыдэу щытами, а псалъэм и купщIэ нэхъыщхьэр цIыху пэрытхэм къадекIуэкI зэпытщ.**



ЕГЪЭДЖАКIУЭ IэщIагъэм урилэжьэныр, цIыхум щIэныгъэ нэс ебгъэгъуэтыныр тыншкъым, уеблэмэ IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. Хьэлрэ гъэсэныгъэкIэ зэхуэмыдэ сабий мин бжыгъэхэр зы мардэм тету гъащIэм хэшэныр, абыхэм я адэ-анэхэм ящыщ дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къахуэгъуэтыныр жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэхущ. ИкIи а IэщIагъэ мытыншым ирилэжьэфхэр сабийр фIыуэ зылъагъуу зи псэми куэд дэзыгъэхуэфхэрщ.

Нобэ зи гугъу сщIыну сызыхуейр зи къарури зи зэфIэкIри къыдэкIуэтей щIэблэм я ехъулIэныгъэм езыхьэлIэ, псэ хьэлэлкIэ зи лэжьыгъэм пэрыт егъэджакIуэ пашэ Сокъур Ларисэщ.

Ларисэ Жэмтхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. И адэ Джатэгъэжь къуажэ школым и унафэщIт, и анэ Людмилэ пэщIэдзэ классхэр иригъаджэрти, Лариси зэрысабийрэ тхылъыр и Iэпэгъуу къэтэджащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Налшык дэт 25-нэ курыт школым урысыбзэмкIэ егъэджакIуэу 1983 гъэм лэжьэн щыщIидзащ пщащэ цIыкIум. Нобэр къыздэсми а зы IуэхущIапIэм псэ хьэлэлкIэ и лэжьыгъэр щрехьэкI. ЕджапIэм и унафэщI къулыкъур 2000 гъэм и пщэ далъхьащ Ларисэ. И ныбжькIэ щIалэми, хузэфIэкIащ фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ куэд школым иригъэгъуэтыну.

Псом ящхьэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Сокъурым бгъэдэлъ цIыхугъэр. Ар нэмысышхуэ зыхэлъ бзылъхугъэщ, зэпIэзэрытщ, сыт и лъэныкъуэкIи гулъытэ зиIэ цIыху гуапэщ, тэмакъкIыхьщ. Нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми задрегъэкIуф, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ къахуегъуэтыф, пщIэ яхуещI, езыми зыхурегъэщIыф.

КъинэмыщIауэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым Сокъурыр хэкупсэ нэсу зэрыщытым. Зи унафэщI IуэхущIапIэм анэдэлъхубзэм гулъытэ хэха щыхурегъэщI абы.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдрэ урохьэлIэ адыгэ унагъуэ къыхэкIа адэ-анэхэм, я быныр гугъу ирамыгъэхьын папщIэ, адыгэбзэ ирагъэджыну хуэмейуэ, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь Сокъурыр. - Школым япэу къашэ сабийр адыгэ унагъуэ къыхэкIамэ, анэдэлъхубзэр джыныр Iэмалыншэу япыдогъэув. АбыкIэ арэзы къыддохъу адэ-анэм я нэхъыбапIэр.

Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэ дахэм фIы къызэрыдэкIуэм и щыхьэтщ ныбжьыщIэхэм олимпиадэхэм, нэгъуэщI зэпеуэхэм адыгэбзэмкIэ япэ увыпIэхэр мызэ-мытIэу къызэрыщахьыр. Адыгэбзэм и мызакъуэу нэгъуэщI предметхэмкIи къалэ, республикэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм увыпIэфIхэр куэдрэ къыщыхуагъэфащэ 25-нэ школым и гъэсэнхэми и IэщIагъэлIхэми. Псалъэм и хьэтыркIэ, мы гъэм къалэ олимпиадэм щытекIуащ а школым урысыбзэр щезыгъэдж Мамоевэ Татьянэ, республикэ зэпеуэм щытекIуащ а школ дыдэм тхыдэр щезыгъэдж Хъубий Анжелэ. Мызэ-мытIэу япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Борыкъуей Iэсият, Калимуллинэ Тамарэ, Iэщын Заремэ сымэ я еджакIуэ цIыкIухэм.

Сокъурыр зи унафэщI школыр гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзыру ирихьэлIащ. Зэгъэпэщыжыныгъэлэжьыгъэхэркъызыхуэтыншэу ирагъэкIуэкIащ. Псы зрикIуэ бжьамийхэр яхъуэжащ, лъэгухэм линолеумхэр ирадзащ, ныкъусаныгъэу щыIа псори къанэ щымыIэу ягъэзэкIуэжащ. АбыкIэ Ларисэ фIыщIэ яхуещI мылъку и лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэн къахуэхъуа адэ-анэхэм.

Школым щолажьэ медицинэ пэш. Ар щIэтыпхъэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, къабзэу зехьэщ. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, жьы дыдэ хъуа компьютерхэр зэрызэрамыхъуэкIыфымрэ еджакIуэхэм пщIэншэу ират тхылъхэр псоми зэрахуримыкъуамрэ игу къеуэу къэнащ.

- ЩIалэгъуалэм я Iуэху зэтес хъумэ, ди щIэблэр гъуэгу махуэ теувэмэ, узыншагъэр яIэу дунейм лъагъуэ дахэ щыхашмэ, аращ дэркIэ насыпри, дащогугъ абыхэм а хъуэпсапIэхэр къайхъулIэну, - жеIэ школ унафэщIым.

**ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ.**

● Футбол

# Пашэхэр топищэм щхьэпрокI

**Зи чэзу, тIощIрэ ещанэ, джэгугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щызэхэтащ. Абы пашэныгъэр щызыIыгъ «Къэхъунымрэ» «Автозапчасть»-мрэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIа топхэм я бжыгъэр 100-м щынагъэсащ.**

КЪЭРЭГЪЭШ къуажэм «Къэхъуным» хэгъэрейхэм я гъуэр 6 щыхигъэщIащ. Абы и фIыгъэкIэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыдигъэкIар 101-м нигъэсащ. Къэхъундэсхэм зы топ закъуэкIэ къакIэрыху хъуащ «Автозапчасть»-р. «Нартым» и гъуэр иужьрей джэгугъуэм абы зэрыхигъэщIэфар 3 къудейщ.

Пашэхэм зэреныкъуэкъун гукъыдэж иIэжкъым «ЛогоВАЗ»-м. Абы и щыхьэтщ Бабугент щыIэжу «Псыгуэнсум» къызэрыхигъэщIар.

Турнир таблицэм и лъабжьэм бэнэныгъэр зэрыщыгуащIэщ. Абы я Iуэхухэр щекIакIуэ зэпытщ Шэджэм щIыналъэм и футболистхэм - «Щтаучымрэ» «Шэджэм-2»-рэ иужь дыдэ увыпIитIыр яIыгъщ.

ЩытыкIэ гугъум къикIыпа хуэдэщ Псынэдахэ и «Родник»-р. Хьэнцэ Аслъэнбэч и гъэсэнхэм иужьу «Бахъсэныр» хагъэщIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм щэбэт кIуамрэ тхьэмахуэмрэ ирагъэкIуэкIа джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Щтауч**» (Шэджэм) - **4**:**1**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0**:**1**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2**:**3**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) – **1**:**6**, «**Союз**» (Налшык) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0**:**3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1**:**3**, «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **4**:**0**, «**Бедик**» (Аргудан) – «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **4**:**0**.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм Нарткъалэ и «Нартым» бжьыпэр щиIыгъщ. Ар къыкIэлъыкIуэхэм очко зыбжанэкIэ япэ ищащ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Къэхъун» | 23 | 20 | 3 | 0 | 101-18 | 63 |
| 2. «Автозапчасть» | 23 | 19 | 3 | 1 | 100-28 | 60 |
| 3. «ЛогоВАЗ» | 22 | 15 | 4 | 3 | 76-35 | 49 |
| 4. «Союз» | 23 | 13 | 2 | 8 | 63-42 | 41 |
| 5. «Тэрч» | 23 | 11 | 1 | 11 | 57-63 | 34 |
| 6. «Кэнжэ» | 22 | 9 | 3 | 10 | 52-58 | 30 |
| 7. «Къэбэрдей» | 23 | 8 | 6 | 9 | 51-60 | 30 |
| 8. «Бахъсэн» | 23 | 9 | 2 | 12 | 37-61 | 29 |
| 9. «Нарт» | 23 | 9 | 1 | 13 | 55-60 | 28 |
| 10. «Родник» | 23 | 9 | 0 | 14 | 59-84 | 27 |
| 11. «Бедик» | 23 | 8 | 2 | 13 | 40-50 | 26 |
| 12. «Велес» | 23 | 8 | 2 | 13 | 51-90 | 26 |
| 13. «Псыгуэнсу» | 23 | 8 | 1 | 14 | 36-54 | 25 |
| 14. «Спартак-Д» | 23 | 7 | 1 | 15 | 41-52 | 22 |
| 15. «Щтауч» | 23 | 6 | 3 | 14 | 41-69 | 21 |
| 16. «Шэджэм-2» | 23 | 6 | 2 | 15 | 35-71 | 20 |

# Зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну хуейхэм папщIэ

**Журналист ныбжьыщIэхэм папщIэ къызэIуаха «Акулы пера» еджапIэм и лэжьыгъэм Налшык щыпещэж. Я зэфIэкIым хагъэхъуэну абы ирагъэблагъэ республикэ, район газетхэм, журналхэм, телерадиокомпаниехэм, пресс-IуэхущIапIэхэм, щIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылажьэхэр, студентхэр, журналистикэр IэщIагъэу къыхэзыхыну зи мурадхэр.**

МАЗЭ зыбжанэкIэ еджакIуэхэр хагъэгъуэзэнущ журналистикэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, а IэщIагъэм зэрырилэжьапхъэм, хъыбарегъащIэ тхыгъэхэр нэхъыфIу зэрагъэхьэзыр щIыкIэм, иджырей технологиехэр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми. Лекцэхэм къеджэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналистхэр, тхакIуэхэр, егъэджакIуэхэр.

Дерсхэр щекIуэкIынур «Советская молодежь» газетым и редакцэрщ. Еджэгъуэр зэфIэкIа нэужь, ар къызэраухамкIэ щIалэгъуалэм сертификатхэр иратыжынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Акулы пера» еджапIэр 2014 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. Япэ еджэгъуитIым цIыху 59-рэ екIуэлIащ. Языныкъуэхэм IэщIагъэ къыхахынымкIэ, лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ ар сэбэп яхуэхъуащ.

Журналистикэм щIыналъэм зыщегъэужьынымрэ абы щIалэгъуалэ нэхъыбэ къыхэшэнымрэ зи мурад нэхъыщхьэу щыт еджапIэр къызэригъэпэщащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ «Советская молодежь» газетымрэ дэщIыгъуу.

«Акулы пера»-м щеджэнухэм я дэфтэрхэр фокIадэм и 30 пщIондэ къыIах. УпщIэ зиIэхэр псалъэ хъунущ 8 (8662) 40-92-88 (Накуэ Еленэ), 8 (8662) 40-61-80 (Джэдгъэф Маринэ) телефонхэм.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, ЩIДАА-р, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я лэжьакIуэхэр Налшык къалэ сымаджэщ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Чэрим Бэллэ Борис и пхъумрэ** «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех **Къарей Элинэрэ** яхуогузавэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я дохутыр **Чэрим Борис Лэкъумэн и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

***Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 12-рщ.***

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Чэрим Марьянэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, ЩхьэщэмыщI Изэ *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1522